

# Yon Prensip Lidèchip Chatiman



*“Pinisyon ki fè mal se remèd pou mechan.”*  
**Pwovèb 20:30**

By John E. Schrock

*Souliyen konsèp kle w jwenn nan prensip sa a.*

Webster di ke chatiman se pinisyon oswa disiplin yo bay pou korije sa ki pa bon oswa ki mal. Nou t a gendwa di tou chatiman se teknik pou elimine lemal pou pwoteje lebyen. Sa t a dwe ranseye nou sou kisa ki motive nou lè nou ap fè bagay nou fè yo. Noutout genyen 4 motivasyon debaz:

1. Nous santi nou responsab epi nou deside fè yo.
2. Nou pè konsekans si nou pa fè yo.
3. Nou vle epi nou renmen sansasyon siksè.
4. Nou genyen yon rèv nou vle reyalize.

Motivasyon ki pi komen an se dezyèm la—lapè pinisyon. Se pa li ki pibon men se li ki pi komen. Anplwaye òdinè a travay paske li pè pèdi djòb li. Gen de lòt moun ki rayi djòb yo, men yo kontinye fè li pandan plizyè lane. Anpil moun ki nan biznis motive paske yo genyen yon laperèz pèdi biznis yo. Menm maryaj kenbe ak laperèz pèdi repitasyon oswa ranpli obligasyon finansyè. Se pa yon move bagay pou genyen yon laperèz. Anfèt, pa genyen biznis, fanmi oswa sosyete ki kapab siviv san li. Yon kantite nan bagay ki fè nou pè yo rann nou kwayan epi responsab. Nou dwe renmen epi sèvi Bondye, men san laperèz chatiman nou kapab pèdi lafwa nou anba presyon tantasyon.

Tousa ki gen lavi epi ki resevwa antrenman epi ki pran valè va konprann motivasyon laperèz bay. Pinisyon fot retire lemal oswa move lide ak konpòtman nan kè nou.

Cheval, Lyon, chyen, timoun ak gran-

moun, yotout dwe konprann prensip rekonpans lè yo aji byen epi chatiman lè yo fè sa ki pabon.

San yon sans laperèz, nou pa kapab fonksyone korèkteman. La pè pinisyon oswa lapèt sa nou genyen va lakòz toutmoun ak toutbagay swiv yon disiplin enteryè ki va devlope bon konpòtman. Disiplin enteryè sa yo, oswa konpòtman antrene sa yo ogmante valè yo. Sa se yon prensip moun inyore nan Etazini. Se pousa plizyè milye timoun pote zamafe nan lekòl epi krim ap ogmante. Laperèz chatiman pi piti pase avantaj yo krè yo jwenn nan vòlè.

Li enposib pou dirije yon fanmi, yon biznis oswa yon sosyete san yon ansanmdelwa ki va mete laperèz Bondye nan kè nou. Wi, nou dwe anseye epi renmen bon prensip ak rekonpans sa pote pou nou, men nou dwe anseye konsekans ki genyen tou lè nou pa obsève yo. Chak aksyon genyen yon reyaksyon. Chak konpòtman genyen yon rekonpans. Chak pozitif genyen yon negatif. Se lwa lavi, e pèsonn pa kapab chanje li.

Laperèz chatiman sa a se pa motivasyon ki pibon oswa ki pi enpòtan,

men se yon fè delavi ki di, epi ki pa kapab elimine. Plis nou ranfòse disiplin sa yo bonè, plis nou va pòte nou pibyen. Laperèz « pinisyon ki fè mal » (pa sèlman peye yon amann) dwe enskri andedan lespri noutout. Règ yo fèt pou yo jis, men lè yo vyole yo sa dwe fè mal mantalman, fizikman epi finansyèman. Genyen yon salè oswa yon pri pou peche.

Bondy te fè lwa yo— “pinisyon ki fè mal se remèd pou mechan”. Si nou ap dirije epi motive moun, nou dwe premyan etabli kèk règ absolè ki genyen konsekans ki di lè yo pa obsève yo. Sa va kreye laperèz pou janbe liy la, men tou sa va fè moun konnen kisa nou vle oswa kisa n ap tann lan men yo. Sa va pèmèt yo travay nan libète nan kad paramèt ki etabli. Lwa ki byen kominike e ki estrik epi ki ranfòse rapidman elimine laperèz sa nou pa konnen, sa ki bannou libète.

*Prensip sa fè pati pwogram yon lane devlopman karaktè:*

**Fondasyon pou Siksè.**

**Panse pou medite:**

Si w vle aprann danse, ou pa bezwen pè mache sou zòtèy moun.

Evalye tèt ou de 1 a 10	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
Poukisa w bay tèt ou nòt sa a?										
Ki avantaj ou kapab jwenn lè w ogmante nòt ou?										
Ki aksyon espesifik ou kapab fè pou verifye avantaj prensip sa a?										
Lis verifikasyon lektri w fè toulejou sou prensip sa a.	M	T	W	T	F	S	S			

Komplete

Pa komplete